

Se Premye Etap Yo Ki Pi Enpòtan

Kòm paran, se ou ki konnen pitit ou pi byen, men li ka difisil konnen kisa pou atann an tèm devlopman. Premye Etap se resous referans Indiana a pou ede w nan pwosesis la.

Kisa Ki Premye Etap?

Premye Etap se pwogram entèvansyon prekos Indiana ki founi sèvis pou timoun depi yo fèt rive fèt twa zan yo ki genyen reta devlopman tal oubyen andikap. Nou konekte fanmi ak yon rezo pwofesyonèl lokal pou yo founi yon varyete sèvis nan anviwònman natirèl timoun nan.

Nou genyen pèsònèl nan tout Indiana epi nou founi sèvis pou pitit ou nenpòt lè ki pi bon pou w, anpil fwa lakay w.

Pran Aksyon

Premye Etap kapab ede w asire pitit ou ap atenn repè pou laj li. Ou pa si sa pou veye nan zafè jwe, aprann, pale, tandè ak lòt bagay? Gade sou nou.

Pale ak doktè pitit ou regilyèman sou kwasans li, epi Premye Etap ap la pou sipòte w si w ta bezwen.

Repè Enpòtan pou Pitit Ou

Prèske tout bagay pitit ou fè kapab ofri yon siy devlopman. Men yon apèsi repè CDC pou w konsyan de yo pandan premye ane devlopman an. Skane kòd QR sa a sou aparèy mobil ou pou jwenn tout repè yo.



SKANE M

1-2 Mwa

- Vire tèt li nan direksyon moun touche bò figi li
- Li kapab souse ak/oswa vale fasilman
- Sote fasil an repons ak gwo bri
- Vin pi long epi pran pwa
- Peye atansyon ak vizaj yon moun ki dirèkteman devan je li

3-4 Mwa

- Fè lòt bri apa de kriye
- Kenbe yon tchatcha e souri
- Woule sòti sou vant li rive sou do li
- Vire tèt li anvè limyè fò ak koulè
- Pran pwa epi vin pi wo

4-6 Mwa

- Lonje men li epi kenbe bagay
- Pase jwèt sòti youn men ale nan lòt
- Souris an repons ak lòt moun
- Woule sòti sou vant li rive sou do li ak do sou vant
- Balanse pandan li chita pandan kèk segonn

6-9 Mwa

- Rale kò li devan sou vant avèk bra li ak janm li
- Babye ak kase koud ri, jwe ti jwèt tankou plays pat-a-cake ak peek-a-boo
- Chita pou kont li
- Vire tèt li nan direksyon bri
- Pran pwa epi vin pi wo

9-12 Mwa

- Rale bagay pou ede l kanpe
- Ranmase bagay piti
- Rale sou men l ak jenou l, mache lè yon moun kenbe toulede men l
- Imite son senp, fè "babay" ak men l

Pa Tann.

Pwofite de enfòmasyon ak oryantasyon Premye Etap kapab ba w **jodi a**.

Rectangle Labels
1" x 3"
16 per Sheet
Avery Template Presta® 94224



first
steps



Akademi Pedyatrik Ameriken an rekòmande* nou fè depistaj pou timoun pou devlopman jeneral sèvi ak zouti estanda ki valide sou 9, 18, oswa 30 mwa ak pou otism sou 18 ak 24 mwa oubyen nenpòt lè yon paran oubyen founisè gen souli.

*<https://pediatrics.aappublications.org/content/145/1/e20193449>